

## Thunder Cake

### Gato loraj



Granmè gade deyò a, li pouse yon **soupi** e di: “Yon gwo **tanpèt** pral vini, move tan sa a, se tan pou nou **anfounen** gato.”

“Tifi, soti anba kabann nan.” Se sèlman **loraj** ou tande. Tifi a pè loraj. Li menm ak grann li bezwen konnen a ki distans tanpèt la ye. Konsa yo ta ka konnen konbyen tan yo genyen pou yo fè gato loraj la. Grann montre tifi a ki jan pou l konnen a ki distans yon tanpèt ye. “ Kan w wè **zèklè** a, kòmanse konte... byen dousman. Lè ou tande loraj, sispann konte.” Kout loraj a pati. “1-2-3-4-5-6-7-8-9-10, nimewo sa yo vle di ak kantite **kilomèt** de distans tanpèt la ye”

Yo soti al chèche engredyan yo bezwen pou yo fè gato a. Premyèman yo bezwen ze vye poul ki rele “*Nellie Peck Hen.*” Yo bezwen lèt vye manman bèf ki rele “*Kick Cow.*” Tifi a pè. Yon loraj gwonde BOOOOOOW!

Yo antre anndan kay la, epi yo melanje tout bagay ansann. Lè gato a fin kwit, grann dekore gato a ak frèz e chokola . Grann di tifi a li te brav. Yo **dresse** tab la, yo koupe gato loraj la e manje li.

### Aktivite

Diskite mo vokabilè yo al elèv yo anvan yo li istwa a.

Soupi – tanpè – anfonnen – loraj – zèklè – kilomèt - dresse.

### **Mwen konprann istwa a**

1. Gato loraj se yon istwa kap pale de yon tifi ak granmè li. Ki kote yo ye nan istwa a ?
2. Granmè rete nan yon fèm. Site kèk bèt ki viv nan yon fèm?
3. Granmè panse gen yon move tan ki pral pase. Poukisa li panse sa?
4. Poukisa tifi a kache anba kabann nan?
5. Ki engredyan yo mete nan gato espesyal sa a?
6. Kisa granmè ak tifi fè anvan yo manje gato a?
7. Ki aktivite ou fè ak fanmi ou lè gen lapli? Fè yon desen aktivite sa a )yo)
8. Mete yon kwa sou chak foto ou ka itilize pou fè yon gato?

lèt



Zeklè




loraj



ze



farin



bè

sik

